ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№84 (22.242) • 2012 гъэм накъыгъэм (майм) и 11, мэрем • Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

**Шипов В. А. Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щыхь тхылъыр етыным и ІуэхукІэ**

## Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым зегъэужьыным езым и щхьэкІэ къаруушхуэ зэрырихьэлІам икІи ильэс куэд ІьандэрэхьэлІэу зэрылажьэм папщІэ Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Шипов Владимир Анатолий и къуэм** - Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкІэ, связымрэ информатизацэмкІэ и министрым.

**Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2012 гъэм накъыгъэм и 2-м*
*№73-УГ*

Къаноокъуэ Арсенрэ Чеченов Ануаррэ удз гъэгъахэр МафІэ мыужьыхым деж яхь.

● ГуфІэгъуэ репортаж

# Къэбэрдей-Балъкъэрым ТекІуэныгъэ Иныр щагъэлъапІэ

**МафІэ мыужьыхым**

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щыізэхэта мафхуэшхуэ Іуэхугъуэр нэхьыщхьэхэм ХьэтІоихуащокъуэм и жыг хадэм ит МафІэ мыужьыхым деж щыЩидзащ.

Мамырыгъэр къытхуэзыхьа ветеранхэм ращыхэпльэкІэ, я бжыгъэм зэрыхэщым гу лыптэрт, блэкІам, нобэм, къэкІуэнум теухуа гупсысэхэм ухишэрт. МафІэ мыужьыхым и деж щыізэхуэсат кьалэдэсхэмрэ Налшык и хьэщІэхэмрэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми утыкум щеуэжкІа, зи бгъэгур дамыгъэхэмкІэ зэщІэбла ветеранхэм гуапэу сэлам ирахырт.

Апхуэдэ гульытэм я дэрэжэгъуэр нэхьри иЗэтауэ ТекІуэныгъэ Иныр ильэс 67-рэ зэрырикъум теухуа Іуэхугъуэхэм хэтащ пщІэ зыхуэпщІхьэхэм ХьэтІоихуащокъуэм и жыг хадэм ит МафІэ мыужьыхым деж щыЩидзащ.

МамырыгъэрэмкІэ зэкъуэтыныгъэмрэ зэІуэпэщыгъэм, ефІэкІуэныгъэм, зыужьныгъэм я лъабжьэ нэхьыщхьэу зэрыщытыр абы кьыхигъэщащ. ТекІуэныгъэр кьытхуэзыІуэа ветеранхэм хуащ пщІэмрэ гульытэмрэ папщІэ КъБР-м и Іэтащхьэм, республикэ унафэщІхэм фІыщІэ яхуиІащ къэпсалъэм.

Ящыщ ящыщ зыужьыгъэ ІэнатІэхэмрэ я ветеранхэмрэ пенсионерхэмрэ я Налшык къалэ Советым и унафэщІ Абдуллаев Мустэфа къызэхуэса псоми ТекІуэныгъэм и махуэшхуэмкІэ екъуэхьащ. Мамырыгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ зэІуэпэщыгъэм, ефІэкІуэныгъэм, зыужьныгъэм я лъабжьэ нэхьыщхьэу зэрыщытыр абы кьыхигъэщащ. ТекІуэныгъэр кьытхуэзыІуэа ветеранхэм хуащ пщІэмрэ гульытэмрэ папщІэ КъБР-м и Іэтащхьэм, республикэ унафэщІхэм фІыщІэ яхуиІащ къэпсалъэм.

Я ІупэІ фэеплъым бгъэдыхьащ икІи удз гъэгъа Іэрамэкіэ зэщІэбла матэр ирагъэуІэвэлІащ Къаноокъуэ Арсенрэ Чеченов Ануаррэ. Абыхэм я щапхъэм ирикІуащ адрей унафэщІхэр, ветеранхэр, ныбжьыщІхэр.

**Зэгурыіуэныгъэм и Утым**

Щыхьым и МафІэ мыужьыхым деж щекІуэкІа Іуэхугъуэхэм хэтахэм Зэгурыіуэныгъэм и утымкІэ яунэтІащ. Правительствэм и Унэм и гупэм деж щагъэуха, жьауэпІэу щытын щхьэкІэ тепхьуэхэр зыщхьэщагъэуВа тІысыпІэхэм ветеранхэр ирагъэблэгъащ. КъБР-м и Іэтащхьэр, Правительствэмрэ Парламентымрэ я Унафэщ Іэхэр, нэгъэщІ кьуплькьущІэхэри нэхьыжьхьэм яхэтІысхьащ. Абыхэм я гукъыдэжьыр ящэныІэтыну кьызэхуэса сабий кьэфакІуэ гупхэм хэт щыІыдхэм утым щитІысыкІа ветеранхэм удз гъэгъахэр Іэщ Іалъхьащ.

*(КІэухыр 2-нэ нап.)*

*Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

# Туристхэм шынагъуэ къатемыгъэхьэным хуэгъэза мардэхэр

**Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІи органым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэ. КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Іым и япэ къыуэдэз Жаным Руслан иригъэкІыжащ. Абы депутатхэр Іуэху зэмыдІэужьыгъуэу тІощІым нэблагъэм щыхэпльащ.**

«ЦІЫХУХЭМРЭ абыхэм яІыгъ хьэлъэхэмрэ такъсикІэ кьешэкІыным пыщІа Іуэхутхьэбзэхэр зэрызэфІагъэкІым зэрыкІэльыпльэ щІыкІэм и Іуэхукіэ КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэтхьэным теухуауэ законопроектыр депутатхэм я пащхьэ къриІутхьащ Промышленностымкіэ, гъуэгу хозяйствэмкІэ, транспортымрэ связымкІэ комитетым и унафэщІ **Мэремыкьуэ Сэфэрбий.** Мы документым транспортым и Іэнатіэм и лэжьыгъэр зэрызэблагъэкІыр иргегъэфакІуэ икІи таксомоторхэмкІэ Іуэхутхьэбзэхэр ялъэныкъуэ хуэгъэзащ тхылъхэр зыхуэфащэ органым зэритыр, абы иригъэкІуэкІ кьэпщытэныгъэхэр зыхуэдэр еубзыхы. Апхуэдэу законопроектым Іупщ Іу кьыщыгъэльэгуащ таксим и лэжьыгъэм зэрыкІэлъыпльыр, абы теухуа кьэпщытэныгъэхэр кьызэрызэрагъэпэщ щыкІэр.

Аграрнэ политикэмрэ щы Іуэхуэмкіэ комитетым и унафэщІ **ЛІыхъужь Хьэжмурид** кьыхилъхьащ «КъБР-м ерыскъым и лъэныкъуэкІэ и шынагъуэншагъэм и Іуэхукіэ КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэтхьэным теухуауэ» законопроектыр. Абы, псалъэм папщІэ, кьыщыгъэльэгуащ ди щыІнатІэм кьыщыщІагъэкІ ерыскъыпхьэхэм «Къэбэрдей-Балъкъэрым щауща цІхьыныгъэ» жиІэу тратхэ зэрырхьнур. Апхуэдэ дамыгъэ продукцэм трагъэуІэну хуит зэращІ щыкІэр КъБР-м и Правительствэм еубзыхы. ИщхьэкІэ кьыщыгъэльэгъуэа тхыгъэр ерыскъыхэкІхэм тратхэ ахэр зыгъэхьэзырхэм езыхэм я ахъшэкІэ.

Парламентархэр апхуэдэу тепсэтыхьащ «КъБР-м щрагъэкІуэкІ турист лэжьыгъэм и Іуэхукіэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэтхьэным теухуауэ» законым и проектым. Абы, кьапщтэмэ, иригъэфІакІуэ туристхэм я щынагъуэншагъэр кьызэрэпэщыным хуэгъэзащ республикэ законым хэт мардэхэр. Апхуэдэу законопроектым кьыщыгъэльэгъуащ турист, турист-рекреацэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ щынатІэхэр зэрабзыкъ, абыхэм я паспортхэр зэратІысыкІэр, республикэм и турист щынатІэ щхьэхуэхэм экологиер хьумэным хуэунэтІауэ щалэжьын хуейхэр.

Тхыдэм пыщІа Іуэхугъуэ щхьэхуэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ фІыщІэ ин щызиІэ щІыхуэхэм я фэеплъхэр зэрагъэльапІэ щІыкІэр законкІэ яубзыхуну кьыхилъхьащ Парламентым Щэнхабзэмкіэ и комитетым. Абы и унафэщІ **Рахаев Анатолий** зэрыжиІамкІэ, законопроектым кьеГъэув щІыкІ нэхъ щІэрыІуэхэм я фэеплъыр мыкІуэдыжьын папщІэ абыхэм я щІэхэр уэрамэмрэ утхэмрэ фІащыну, фэеплъ дамыгъэхэр, мемориалхэр, мемориальнэ фэтэрхэр, унэхэр кьызэІуахьну, абыхэм я щэкІэ стипендиехэр ятыну, тхылъхэр кьыдагъэкІыну. Абы къыдэкІуэу законопроектым кьыщыгъэльэгъуащ щІыхь щэрыІуэм и щІэр къэрал е муниципальнэ Іуэхущапэм зэрыфІащ щІыкІэр. Законопроектым хигъэзу кьыхъальхьащ «Пэжьакіуэ щэрыІуэм и щІэр къэрал, муниципальнэ Іуэхущапэм зэрыфІащым теухуауэ» КъБР-м и Законым кьэру ины Іэку кьалъытэну.

ИщхьэкІэ кьыщыгъэльэгъуэ законопроект псоми зыхуэфащэ комитетхэр елэжьыжа нэужь, ахэр КъБР-м и Парламентым и зэІущІэм щытепсэльыхьыхьи папщІэ кьыхилъхьэнущ.

Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуІунымкІэ, регламентымкІэ, депутат щэнхабзэмкІэ комитетым и унафэщІ **Щыхьалы Замрэ** кьыпсэльам едаІуэри, Президиумым хэтхэм унафэ яхьащтащ «Тэрч кьэзакъэм уэрэдмрэ кьафэмкІэ я Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал фольклор ансамбль» щэнхабзэмкІэ кьэрал кІэзонэ Іуэхущапэм и лэжьакІуэхэу Бочаровэ Галинэ - художественнэ унафэщІым, Горбуновэ Ольгэ - артистхэм, Шеин Василий - уэрэджэкІакІуэм КъБР-м и Парламентым и Щыхь тхылъыр етыным теухуауэ. Жылагъуэ-политикэ лэжьыгъэм жьыдэжру зэрыхэтым папщІэ Парламентым и Щыхь тхылъыр апхуэдэу ираташ Андросов Александр - КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм унафэ кьэзышІэзэм ящыщу хэтым, Жылэхьэж Владимир - Тэрч щынатІэ хэхакіуэ комиссэм и унафэщІым, Хьэмокъуэ Залым - КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и кьызэрэпэщакІуэ-правовой аппаратым и унафэщІым.

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІущІэм хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Іым и япэ кьуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залым.**

**УРЫСМАМБЭТ Беллэ.**

● Гъуэгу къежьапІэ

# Зэхьхьэшхуэм Налшык зыхуегъэхьэзыр

**УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэ Хлопонин Александр и нэІэм щІэту накъыгъэм и 19 - 22-хэм Налшык щекІуэкІынущ «Кавказым щсынщІэу зрегъэчын» щІынатІэ зэхуаку щІалэгъуалэ зэхьхьэшхуэ.**

«МэщІкъуэ-2012» кавказпсо щІэныгъэ лагерым щыІэнухэр кьыщыхахыну а зэхуэсым округым и субъект псоми я лІыкІуэу щІыхь 400-м щІигъу хэтынущ. Абы нэхьыбэу зыщыхэпльнэр Кавказ Ищхьэрэм туризмым зыщегъэужьыныр.

Зэхуэсым инноваци туристыр проекту щІалэгъуалэм яГъэхэзырахэм щыхэпльнущ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и субъектхэм туризмым зыщегъэужьыныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм щытепсэльыхьыхьнущ, кьэрал, муниципальнэ властым я органхэм яхуэгъэза чэнджэщхэр кьыщащтэнущ.

Зэхьхьэр Налшык курортым и щІыпІэ нэхъдахэ дыдэхэм ящыщ зым - «Кьхъужьей хадэ» санаторэм - щекІуэкІынущ.

Зэхьхьэр кьызэрызэІуахьым теухуа гуфІэгъуэ пшыхьым Кавказым и артист нэхьыфІхэм зыкъыщагъэлъэгъуэгъунущ. ХьэщІэхэм папщІэ пщыхьэщхьэ къэс нэгузыужь Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэр кьызэрагъэпщынущ. ХьэщІэхэм апхуэдэу ирагъэлъагъунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэм и щІыпІэ нэхъ гъэщІагъуэнхэр.

***КъБР-м ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущапіэ.***

**Иджыблагъэ екІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэІущІэ. Абы хэтащ республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іем Гертер Иван, абы и япэ къуэдзэ Жыло Валерэ, и къуэдзэ Уянаев Казбий, министрхэр, кьалэхэм, куейхэм я Іэтащхьэхэр.**

ЗІІУЩІЭМ щытепсэльыхьащ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм, егъэджэныгъэм теухуа Іуэхугъуэхэм, КъБР-м и хабзэхэр УФ-м щызекІуэ хабзэхэм хуэгъэзэкІуэжьыным ехьэлІахэм, нэгъэщІхэми.

**Гертер Иван** зэхуэсыр кьызэІуиха нэужь, япэу псалъэ иритащ УФ-м и МЧС-м КъБР-м щиІэ Іэнатіэм и унафэщІ **Шагин Сергей**. КьызэрамыкІуэ щытыкІэхэм кьыкІыныкІэ ябгъэдэлъ зэфІэкІ лъагэхэм папщІэ УФ-м и МЧС-м кьыбгъэдэкІ дамыгъэ лъапІэхэр абы яритыжащ Іэнукъым мэкъуаугъэхэм нэхър нэхъ пасэу. Аращ а ахъшэр хуэутІыпщыным ехьэлІауэ унафэ щхьэхуэ фондым кьыщІищтэри. А Іуэхум щыхэпльэну пІалъэр ягъэЗэпхъуащ Еврогупым и япэ зэІущІэр щекІуэкІынум ящыІэу. Ар зэхэтынущ накъыгъэм и 14-м.

Евро ахъшэр щызекІуэ къэрал нэхъ зызыужьахэр, псом япэ Альдджым ахъшэр хуэзыгъэхъэзыр Германиер, хущІокъу Афинэм хуауТІыпщыну зэрыгъэгурыІуэ мылъку псори зэрыхъуКІэ нэхъ гуваюэ яЗэрыгъэхьэным. Ар кьыхокІ Алыджжыр политикэ Іуэхукіэ зэпІэзэрыту зэрыщІмыытым. Тхьэмахуэм екІуэкІа парламент хэхыныгъэхэм кьагъэтІэхьащ нобэкІэ ластыр зыІыгъ правительствэм и зэфІэкІыр.

**Хьэм и гупсысэхэр**

**США-м и Эмери университетым щыщ щІэныгъэлІхэм я мурадщ мальхъудис-резонанс томографэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьагъэсбэнурэ, псоунэхъуэр, псом япэ хьэхэр, зэгупсысыр къахутэну.**

- Дэ и ужь дохьэ хьэмрэ щыхуэмрэ я зэхущытыкІэхэм лъабжьэ хуэхьур зэхэзэгъІыным. Абыхэм фІыуэ ялъагъур щыхуэра хьэмэрэ кьрат ерыскъыра? Мис а упщІэм жэуап пыухыкІа мыгувэу еттынущ, - жеІэ щІэныгъэлІ гупым и унафэщІ Бернс Грегори.

ЩІэныгъэлІхэр нужь итщ хьэхэм щыхуэхэр кьызэращІыхуж, зэрызэхагъэкІ Іэмалхэр кьахутэну. Тепльэра хьэмэрэ кьакІэрих мэра абыхэм я деж кІэ нэхьыщхьэр? ЩІхьум и бзэр зэхащІыкІрэ хьэхэм? А упщІэхэм я жэуапхэр кьэгъэутыным кьыщынэмыщІа, хьэр зейм и сурэтыр мастэкІэ яутъэнуэр, ар зыпкъагъ псэущхэр зэрыгубжьыр, зэрыгузавэр зэхагъэкІынущ.

ДУНЕЙМ ЩІЫХЬЫБАРХЭР

**Зэрызэгурыіуар ягъэзащІэркъым**

**Дыгъуасэ Сирием и кьалащхьэ Дамаск бомбэу тІу кьыщагъэуащ. Ар кьыщыхьуар аэропортым хуэуэшыпэ гъэгъуэм пэгъунэгъуущ.**

Апхуэдэу гъуэгубгъуэм щыщІатІа бомбэр кьыщыуащ Дераа кьалэмк. Ар здэщІыпэ Сирием и ипщэ лъэныкъуэмкІэщ. А дакьикъэм гъуэгум ирикІуэрт ООН-м и кІэлъыплъхьэхэм я автомашинэ гуп икІи абыхэм ящыщ зым исащ а кІэлъыплъакІуэхэм я Іэтащхьэ Муд Роберт. ООН-м и лжьакІуэхэм эзкІуэда е уІэгъэ хьуа яхэткъым.

Правительствэм кьыпэщІуэна гупхэм Сирием зыкъыщаГъат нэгъабэ и гъатхэпэм. Абы лъандэрэ Іуэхур граждан зауэм хуэкІуэнкІэ шынагъуэшхуэ щыІэщ. ООН-м къызэриГъэлъагъуэмкІэ, а зэманым къриубыдэу Сирием щыхэкІуэдащ щІыху мини 9-м щІигъу. Абы щыщу мини 2,5-м щІигъур зауэлІщ, мини 3,2-м щІигъур мамыру псэу щІыхуэхэм ящыщщ.

**ДэІэпыкъуну епІэщІэкІыркъым**

**Финансэ кризисым зэщІэтыным теухуауэ Европэм ирищІыпІа программэм и етІуанэ Іыхьэм ящкІ иткІэ къыдэІэпыкъуу, Алыджым дыгъуасэ хуауТІыпщащ евро мелардри 4,2-рэ.**

Европэм финанс зэпІэзэрытыныгъэмкІэ и фондым кьызэриТымкІэ, а бжыгъэм щІигъуу Алыджым хуагъэхъэзыра евро зы мелардым ар хуэхъуну хуэлагъы Борисрэ Гызыев Бердрэ. КъыкІэлъыкІуэу псэльапІэр хуит зыхуащІа **Мусуков Алий,** КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэм, сатумкІэ и министрыр, кІэщІу кьытеувыІащ Іуэхугъуэ зыбжанэм. Абыхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инвестицэ Іуэхуэхэр щызэзыгъэбгъкІуэ субъектхэм хэхъуэу яІэм тёхуэ налогхэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэныным теухуахэр, КъБР-м и Правительствэм и лэжьыгъэр зыхуэгъэпса унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ехьэлІахэр, нэгъэущІхэри. Апхуэдэу Мусуковым Правительствэм и зэхуэсым кьыщиІэтащ республикэм, щІыпІэ самоуправленэхэм щыІэ хэсрал кьулыкъущІэхэм я лэжьэкІэ зыужьэм щІэныгъэ-аналитикэ Іэнатіэхэр КъБР-м кьыщызэгъэпэщыным и Іуэхур. Министрым зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ федеральнэ Іэнатіэ щащІ, иджы кьызэІупхъэщ абы и щІыналъэ, щІыпІэ къудамэхэр. Мусуковым кьыхилъхьа Іуэхугъуэхэр зэІущІэм и къриІэлІахэм даІыгъащ икІи абыхэм ятеуха унафэ щхьэхуэхэр кьащтащ.

*(КІэухыр 2-нэ нап.)*

НОБЭ

Илъэс 85-рэ ирокъу Америкэм кино гъуэзджэмкІэ и «Оскар» академиер кьызэрызэрагъэпэщ.

Илъэс 35-рэ и пэкІэ СССР-м и АН-мрэ США-м и НАСА-мрэ Москва щызэгурыІуащ «Салют», «Спейс шаттл» хьэрш кхъухьльатэхэмкІэ зэгъэуэу я космонавтхэр гъэльэтэным теухуауэ.

Накьыгъэм и 11-12-хэм Ялтэ (Кырым, Украинэ) щызэхэтын хуеящ Европэ Курытым и лІыщхьэхэм я 18-нэ зэІущІэ. Ауэ президентхэм къэкІуэну зымыда куэд кьащІэжьІым, а зэІущІэр ПалъэмыубыхьакІэ яГъэІэтхъуащ. Абыхэм ягу ирихьакъым премьер-министру щыта Тимошенкэ Юлие лъхьэщІым зэрыщІэзэ щІыкІэр. Аращ ахэр Украинэм кьэкІуэну щІамыдэм и щхьэусыгъуэрэ.

1601 гъэм кьалъхуащ Урысейм и дзэзешэ, кьэрал лэжьакІуэ, джназ Черкасский Сэнджлей.

**Дунейм и щытыкІэнур:**

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэрятымкІэ, нобэ Налшык уэшх кьыщешхынущ, хуабэу махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым - градус 14 - 18 щыІэнущ. ДыгъэрэкІыжьыпІэ щыІэнущ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 44-м, кьухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 19-м.

Хьэуам и псыІагъэр кьитІасэнущ процент 55 - 82-м.

**ПлІэнэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩІО Зарифи.**

● КъБР-м и Правительствэм

# Іуэхугъуэ куэдым щыхоплъэ

● КъБР-м и Іэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуигъэзам теухуауэ

# Узыншагъэр хъумэн ІэнатІэр егъэфІэкІуэным жэуаплыныгъэшхуэ пылъщ

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэм КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъэзам куэдым утрегъэгушхуэ, къытпэщылъ къалэнхэр нэсу зэфІэхъынымкІэ Іэмал псори къэгъэсэбэпным зэрыхуейр кьыдгурегъаІуэ.

Гуапэ тщохьу Къаноокъуэ Арсен узыншагъэр хъумэн ІэнатІэр япэ иригъэщІуэкІуэжьэн зэращыщыр, узхэр пасэу къэхутэным, сымаджэхэм нэгъэсауэ еІэзэныр кьызэрэпэщыным гулытэ зэрыхуищІыр. Кьыхегъэщ дохутырхэм я ІэщІагъэм хэгъэхъуэн зэрыхуейр, ахэр я ІэнатІэм егугъуным тегъэгушхуэн папщІэ улахуэр яхьІэтыным егъэщІылІа Іэмалхэр кьызэрыгъэсэбэныпхьэр. Апхуэдэуи республикэ УнафэщІым жиІащ щІыхуэхэр медицинэ дэІэпыкъуныгъэ тэмэмкІэ кьызэрэпэщыным Правительствэм и дежкІи езым и щхьэкІи кьалэн нэхьыщхьэу кьызэрильытэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм фІы дыдэу ещІэ узыншагъэр хъумэн ІэнатІэм зэшыщІыхуэхэр хъумэн ІэнатІэм зэшыщІыхьэлІэ гугъуехьэхэр зыхуэдэр, ахэр куэд щІауэ зэтрихьэ Іуэхугъуэу зэрыщытыр икІи а лъэпощхьэпохэр зэфІэхьыным бгъэдыхьэкІэ тэмэм кьызэрыкъуэгъуэтыпхьэр.

Мыхьэнэ ин зиІэ кьалэнхэу ІэнатІэм кьыпэщытхэр щыбзыхуащ узыншагъэр хъумэным и Іуэхур егъэфІэкІуэным хуэунэтІа Программэм икІи абы ІэмалыфІхэр кьыдет. Ар гъэзэщІэным хухах мылъкур зэгъэзэхуауэ кьэгъэсэбэпыпхьэщ - мыбдеж дэ дыщыщыуэ хьунукъым. Мэлыхьыхьым и 24-м дохутыр нэхьыщхьэхэр хэту екІуэкІа зэІущІэм дэ дыщытепсэльыхьащ КъБР-м и Іэтащхьэм республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам икІи абы кьыщыгъэльэгъуа Іуэхугъуэхэр гъэзэщІа хьунымкІэ дэ тхуэзэфІэкІ кьэдгъэнэмыщам.

Республикэ унафэщІхэм уакъыгъэрыгурыІуэм, абыхэм Іуэхур кьызэрыбдаІыгъым гушхуэныгъэ кьыпэхельхьэ.

**КІЭНЦІАЛИЙ Анатолэ,**
*КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ.*

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Гъэмахуэм Іэжьэ щІы, щІымахуэм гу щІы.**

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

# Къэбэрдей-Балкъэрым ТекIуэныгъэ Иныр щагъэлъапIэ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

ТекIуэныгъэм и ныпым тращIыкIа бэракыр утыкум кьрахьэри, махуэшхэу IуэхущIафIэ зэрыщIэхуа. ПсэльапIэм ящэу ирагъэблэгъащ Къэбэрдей-Балькъэрым и IэтащIкъэ Къаныкъуэ Арсен.

- Нобэ ди кьэралым щагъэлъапIэ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхэм ТекIуэныгъэ кьыззэрыщытхъ-рэ ильэс 67-рэ зэрырикъур. ТекIуэныгъэр Инщ, ар уасэ зиимIэщ. Илъэс пщIы бжыгъэхэр джIакIэмэ, мамырыгъэр кьытхуэзыхьахэм, дунейр фашизмым щызыхьумахэм я гугъуехьымрэ гуауэмрэ ди цIыхухэм ящыгъупщэркъым. Зауэ гуащIэм и пIэхъэнэм я псэ емыблэжу абыхэм ягъэлъэгъуа хахуагъэмрэ лIыгъэмрэ сыт щыгъуи кьэнэнущ Хэкур фIыуэ лъагъуным, хэкупсэу щытыным я щапхъэ. Нобэ дигу кьыдогъэкIыж ТекIуэныгъэм нэхъ льапIэ дыдэр - я гъащIэр - щхьэзыхь хуэзыщIахэр. Къэбэрдей-Балькъэрым и кIуэ, ипхъу нэхьыфIхэу мин 60-м щIигъу зауэм и фронт псоми Iутащ. Республикэм кьыщызэрагъэпэщауэ щытащ абы щыпсэу-хэр зыхэт 175-нэ, 337-нэ фочауэ дивизэхэр. ЦIыхубэ хозэйствэм щылэжьэну кьэнахэм ящыщхэр хэту кьызэрагъэпэщат республикэм и кьарукIэ зэщIауээда 115-нэ шууей дивизэр. Абы и зауэлIхэр кьэмылэнджэжу ящыщэтащ Сталинградрэ Кавказым щыдагъэ зыщIэт и щыпIэхэмрэ хуэпабгъэ биим. Хэку зауэшхуэм и илъэхъэм ТекIуэныгъэм хьалъэ ящIэ. ТекIуэныгъэм зи гущIэ хэзыльхьа дэтхэнэми ар зэращIымыгъупщэр, абы гульытэ зэрыхуащIыр, а псори Къэбэрдей-Балькъэрым и властым, зэрыщыту жылагъуэм я кьалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр зыхиущIэн папщIэ. Фронтым Iутахэм, зауэм щыIэхэм сыткIи защIэзыгъэкьуахэм мыухыж фIыщIэ фхудощI, зефхьа лIыгъэм папщIэ ди щхьэр фхудогъэщхь.

- Сэ кьызбгъэдэжыу, республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цIкIэ зауэм и ветеранэм, тылым щылэжьахэм, Къэбэрдей-Балькъэрым щыпсэу псоми, дэ тщыщ дэтхэнэ зым и дежкIи льапIэ махуэшхуэмкIэ - ТекIуэныгъэм и махуэмкIэ - сынывохьуэхьу. Мамырыгъэ, гуапагъэр зэйуэтэщыгъэрэ, узынишагъэ фIэнэу си гуапэщ, - захуигъэзащ кьызэхуэсахэм Кьаныкъуэ Арсен.

Зауэ илъэсхэм яуса уэрэдэхэр адэжь ягъэзэщIащ республикэм и уэрэджыIакIуэхэм, сабий кьэфакIуэ гупхэм. КъБКъУ-м и студентхэм композицэ гъэщIэгъуэнэхэр ягъэлъэгъащ. Ут нэхъыщхьэм щекIэ зэмда махуэшхуэ зэхьыкъэгукъэкIыжкхэмкIэ гъэнщIауэ, ветеранхэм дэрэжэгъуэ ягъуэтарэ хуащIа гульытэм я лъэр жан ищIауэ зэбгрыкIыжащ.

ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэр зыигъэдахэ хьэрэкIытэхэмкIэ пшыхьыр иухащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

*Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

## Фэеплъ льапIэм деж

НАКЪЫГЪЭМ и 9-м и пщэдджыжьым удз гъэгъахэр тральхьащ 115-нэ шууей дивизэм хэтахэм я фэеплъ «Стрелка» хьэблэм дэтым.

Фэеплъым удз гъэгъахэр тральхьащ Налшык кьалэм и Ветеранхэм я советым и унафэщI Абдуллаев Мустэфа зи пашэ нэхьыжьхъэм, кьулыкъущIэхэм, еджакIуэхэм.

Апхуэдэуи удз гъэгъахэр тральхьащ ТекIуэныгъэм и стеллэу «Дубки» хьэблэм дэтым, нэгъэщIэхэми.

## Мин 50-м щIигъу

ТЕКIУЭНЫГЪЭ Иныр ильэс 67-рэ зэрырикъум теухуа махуэшхуэ зэхьыхьэхэм кьрихьэлIахэм хуагъэшащ «ЛIыхъужь» хэм я щIэхэр Къэбэрдей-Балькъэрым и картэм» зыфIаща брошюрэм хуэдэу мин 50. Абы щыгъуаз ухуещI Къэбэрдей-Балькъэрым щыщу «Совет Союзым и ЛIыхъужь» щIэ льапIэр зыфIащахэм, абыхэм я щIэхэр зезыхьэ еджапIэхэм, уэрамхэм. А тхьилъ щыщIыр КъБР-м и IэтащIкъэм и мылькъкIэ кьыдагъэкIащ.

## Макъамэ гукъинэжхэр

ЗАУЭМРЭ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я хорым Налшык кьалэм и уэрам нэхъыщхьэм тет «Восток» кинотеатрым деж концерт щитащ.

Ветеранхэм я хорым и концертым еплъыну кьызэхуэсахэм я гукъыдэжыр кьалэтащ нэхьыжьхэм, я гукъэкIыжхэмкIи зэдэгущIэщащ. ШIалэгъуалэри ядежьурт Хэку зауэшхуэм и уэрэдхэр хорым щигъэзащIэм.

УАРДЭ Жантинэ.

# Мамырыгъэм и тельхьэхэр

ХЭКУ зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 67-рэ зэрырикъур республикэм Iэтауэ щагъэлъапIащ. Апхуэдэу Сабий хорчествэмкIэ республикэ унэм зэхьыхьэ екIу щызэхэтащ. Абы и утым ныпхэр щигъэуват, зауэм теухуа уэрэдхэр кьыщIIурт, «ТекIуэныгъэм и махуэшхуэмкIэ» дыныворхьуэхьу» плакатыр ину щIыхьапIэм кьыфIэдзат. Зэхьыхьэр кьызэригъэпэщащ зи гугъу тщIы IуэхущIапIэм ма-хуэшхуэхэр гъэлъэпIэныкIэ и методист Къуэшырокъуэ Еленэ.

Хабзэ яхуэхъуауэ, гъэкъэс ирагъэкIуэкI мыпхуэдэ гуфIагъуэ зэхьыхьэхэр. Абы гупсысэ нэхъыщхьэу щIэлъыр сабийхэм Хэкур фIыуэ егъэлъагъэныгъ, тхьидэм щыгъэзыгъэзэныгъ.

Зэхьыхьэм ирагъэблэгъат Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр. Зауэм хахуэу хэта Ширшовэ Анэ сабийхэм яжриIащ абы гузэвэгъуэ куэд кьазэрыхуихьар, кьару шыгъуэ зэрыкъуэлъыр. Ныбжь зиIэ, гъащIэ зылъэгъуа цIыхубэм псом я нэхъыщхьэу кьилъытэр мамырыгъэрэ, абы и гупсысэм кьыпищэу пэкIум кьыщыпсэлъащ Налшык дэт курыт еджапIэ №19-м и унафэщIым и кьуэдэ Бриденко Владимир. Ар тепсэлъыхьащ зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэшыгъэмрэ я мыхьэнэхэм.

ГуфIэгъуэ пэкIуэ хэтащ Совет Союзым и ЛIыхъужь, кхъуэлъатэ-тэзехуэ Байсултанов Алим и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №19-м и еджакIуэ цIыкIуэхэр. Ахэр зауэм теухуа уэсэхэм кьеджащ, парадым хэтащ. ИужькIэ еджакIуэхэмрэ зэIуущIэм кьрихьэлIахэмрэ удз гъэгъахэр МыужьыкI мафIэм тральхьащ.

ПэкIум кьрихьэлIахэм папщIэ пшыхь гуапэ ягъэхьэзырат Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм и гъэсэнхэм. Ар, сыт щыгъуи хуэдэу, щIэщыгъуэу, зауэм хэта нэхъыжьыфIхэм я гукъыдэжыр кьиIэту екIуэкIащ.

БАГЪЭТЫР Луиз.

● Газетеджэм и

# Сыт нанэ щIэгъыр?

**Майм и бгъум сехьуэхъуну**
**Нанэ деж сэ сыкIуэжащ,**
**Гу лъызотэр: нэпсыр и нэм**
**Нанэ щэхуу къыщIэжащ.**

**И дэлъху закъуэрщ щIэгъыр нанэ,**
**Хэку зауэшхуэм щаукIаркъ,**
**Уэс къыгтесэр и джэбыну**
**Хамэ щIыпIэм къыщынарщ.**

**Нанэ щIэгъыр и дэлъху бынхэу**
**Мы дунейм къытемыхьарщ,**
**Ахэр хунхьу и псэм, и нэм**
**ИгъэфIэн къемыхъулIаркъ.**

**Нанэ щIэгъыр нобэ**
**И щIэблэщIэу мамыр защIэрщ,**
**Лъэужьыншэу ЛIа и дэлъхум,**
**ШIалэу зыщIитарщ и гъащIэр.**

**МакIуэ гъэхэр, жэщи махун,**
**Зауэр хьихьэжакIэщ тхьидэм,**
**Ауэ нобн анэ дэлъхур**
**Дигъэуардзу тхэтым хуэдэщ!**

БАГЪЭТЫР Алинэ.
*Тэрч район, Къаншыуей къуажэ.*

# Iуэхугъуэ куэдым щыхоплъэ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

Адэкъ псалъэ зрата **Быыщн Аэрэт,** КъБР-м финансэхмкIэ и министрым, кьызэхуэсахэр щигъэзыуэзащ Тырныауэ щыпсэу Османовхэ я унагъуэм КъБР-м и мылькъым кьыхэкIыу сом мин 50-кIэ зырыдэIэпыкъунэм. Министрым кьыхилъхьар Правительствэм хэтхэм даIыгъащ икIи абы хуэгъэпса унафи кьащтащ.

КъБР-м и жылэхэр транспортым и техникэ кьэщцытэныгъэхэр щрагъэкIуэкI Iуэхущ-IапIэхэмкIэ ирикъуу кьызэгъэпэщыныкъ теухуауэ щытащ КъБР-м транспортымкIэ и министр **Сунш Ануарбий** и кьэпсэлъэныгъэр. Абы зэрыжиIамкIэ, иджыпсту республикэм щыIэщ техникэ кьэпщынтэныгъэхэр щрагъэкIуэ апхуэдэ Iуэхущ IапIэу 10, ауэ ар мащIэщ. Иджыри кьызэрагъэпэщыпхъащ ягъэIэпхъуэ хьу диагностикэ центр зыбжанэ.

КъБР-м и мыгъэрей бюджетым и «Социальнэ политикэ» Iыхьэм кьыщыгъэльэгъуэ мылькъм кьыхэкIыу, КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныкIэ и министр **Тюбеев Альберт** зэрыжиIамкIэ, зыщIагъэкъуэнущ республикэм щыщ цIыхуиплым. Абыхэм я унэцIэмрэ дэIэпыкьуэгъуэ щIратыну щхьэусыгъуэмрэ кьызэхуэсахэм я пащхьэ щыжиIащ. Апхуэдэу министрым кьыгъэнэIуащ цIыхур псэун папщIэ Iэмалыншэу зыхуейну ахъшэр 2012 гъэм и ешанэ Iыхьэ плIанэм сом 4978-рэ хьуурэ кьызэраIытар. Тюбеевым кьыхилъхьар щхьэхъэIалъхэм даIыгъащ, унафэ щхьэхуи кьащтащ.

Республикэм хьихь жылэхэм я кьабзагъэм кIэлъыплъынымкIэ мазитI лэжьыгъэ зэрелъэкIыр кьыщапщытащ зэхуэсым. Абы кьыщащта унафэм ипкъ иткIэ, ар дяпэкIэ и нэIэм щIэтынущ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Уянаев Казым**. ИпэкIэ а кьалэныр и пщэрыльу щытащ Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Ернэн Темболэт**.

Апхуэдзу зэIущIэм жыджэру хэтащ КъБР-м узынишагъэр хьумэныкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **КIэнцIалий Анатолэ**, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **ЦIыхьэпсо Сэфарбий,** КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкIэ и кьэрал комитетым и унафэщI **Пащты Борис,** КъБР-м и Къэрал псэупIэ инспекцэм и унафэщI **Къэжэр Нэкмудин** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Псори зэхэту зэIущIэм и япэ Iыхьэм Iуэхугъуэ 20-м щIигъум щытепсэлъыхьащ. Абыхэм я щIэныгъэ теухуа унафэ щхьэхуэхэр къащтащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

# Иужь дыдэ увыпIэр зэкIэ къытхуонэ

● Футбол

**«Томь» (Томск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:1 (1:1). Томск. «Труд» стадион. Накъыгъэм и 7-м. ЦIыху 4000 епльащ.**

**Судьяхэр:** Казарцев (Санкт-Петербург), Малородов (Саратов), Чельцов (Мэскуу)

**«Томь»:** Вашек, Строев, Нэхущ, Николов, Смирнов, Махмудов (Сазонов, 25), Ребко, Бадяйкин, Малякэ (Гультяев, 90+1), Никитинский, Баженов (Погребняк, 72).

**«Спартак-Налшык»:** Будаков, Абаэ, Багаев, Джудовий, Захирович, Фомин, Рухайа, Бало (Чеботару, 75), Щаницин, Сирадзе (Буйтрагэ, 67), Болэ.

**Тюмэр дагъэкIащ:** Рухайа, 14 (0:1). Баляйкин, 43 (1:1).

**Дагъуэ хуащIащ** Щанициным, Малякэ, Смирновым, Захировичрэ.

Турнир таблицэм кIэух увыпIитIыр щыгъуфIыдауэ етIанэгъэ Футбол Лъэпкъ Лигэм щыдзкэгуну кьызыпэщыльэ «Спартак-Налшыкымрэ» «Томь»-мрэ блыщхьэ кIуам Томск щрагъэкIуэкIа зэIуIэм мыхьэнэшхуэ иIэжтэкъым. Къэнэжар хэт нэхъ льэрымыхь дыдэми зэхэгъэкIынрат. Абы щхьэкIэ къэмынэу, льэныкъуитIми удэзыхьэх джэгуакIэ кьагъэлъэгъащ икIи аэхр премьер-лигэм зэрыхьэлъэкIыр куэдым я жагъуэ хьуащ.

2011 - 2012 гъэхэм екIуэкI зэхьэзэхуэм Налшыкрэ Томскрэ я командзхэм 3 зэIущIати, 2-м «Томь»-р щытекIуащ, 1-м дыдейхэр нэхьыфIащ. Хьэлэмэтращи, сыт щыгъуи текIуэныгъэр кьэзыхьар хьэщIэхэращ. Мыбыи апхуэдэу иухыну дыщыгугъыпт. Ар нэхьри щIигъэбыдащ епщыкIуплIанэ дакьикъэм налшыкдэсхэм бжыгъэр кьызэIуаха иужькIэ: Рухайа Гуджэ лъэщу зэуа топым хэгъэрейхэм я гъуащхьэтетыр пэльэщакъым.

Томскдэсхэм псынщIэ дыдэу бжыгъэр зэхуэдэ ящIыжкIыну щытащ. АрщхьэкIэ ди гъуащхьэхъумэхэм ар кьызэпаудащ. Сыт щыгъуи хуэдэу, хэгъэрейхэм кьаэханыкIырт ди льэхэгъэ Нэхущ Руслан. Абы и гъуащхьэр Iэзэу ихъумэм и закъуэгъжым, атIэ дыдейми щIэхьэхьыпэ кьебгъэрыкIуэрт.

Джэгум и япэ Iыхьэм якуэм Сирадзе бжыгъэр игъэбгъуэфыну щытащ. Ди жагъуэ зэрыхъущ, абы топыр зыIущIагъэкIыIуащ икIи «Томь»-м и гъуащхьэтетым ар Iэрыхьащ.

«Спартак-Налшыкыр» япэ иту командзхэм загъэпсхуну икIыну зэманыр нэблигъат. АрщхьэкIэ хэгъэрейхэм я иужьрей ебгъэрыкIуэныгъэхэм ящыщ зым екъуIэныгъэ кьаухихащ.

Загъэхэхуу кьихьэжа иужькIэ, льэныкъуэхэр нэхь ерыщжу зэпэщIэуващ. Зы ебгъэрыкIуэныгъэм адрейр кьыкIэлыкIуэрт икIи топджэгум еплъыну стадионым кьэкIуахэм абы я дзэржэгъуэр кьиIэтырт. Бжыгъэми мыхъ-мытIэу зихьхьэжьыфIыну щытащ. Псом хуэмыдэу абы гъэзыгъэкуащ ди щIалэхэр. АрщхьэкIэ Болэ Руслан и закъуэу хэгъэрейхэм я гъуащхьэтетым бгъэдыхьа щхьэкIэ, Iуэхум зыри кьикIакъым.

Арати, зэрытемыгъэкIуаэ, 1:1-уэ, командзхэр зэбгъэдэкIыжащ. Абы ипкъ иткIэ, «Спартак-Налшыкыр» иджыри иужь дыдэ увыпIэм кьыщюнэ.

Урысей Федерацэм и премьер-лигэм щекIуэкIа адрей зэIуIэхэм мыхуэдэ бжыгъэхэр кьарикIуащ: *«А» гупым* - **ЦСКА** (Мэскуу) - **«Кубань»** (Краснодар) - **0:0, «Зенит»** (Санкт-Петербург) - **«Спартак»** (Мэскуу) - **2:3, «Динамо»** (Мэскуу) - **2:2, «Анжи»** (Мэхьачкалэ) - **«Рубин»** (Къазан) - **3:1**; *«Б» гупым* - **«Тэрч»** (Грозни) - **«Амкар»** (Перм) - **3:1**, **«Ростов»** (Дон Iус Ростов) - **«Волга»** (Новгород Нижэгъэ) - **1:0**, **«Краснодар»** (Краснодар) - **«Крылья Советов»** (Самарэ) - **0:2**.

Накъыгъэм и 9-м зэхэтащ Урысей Федерацэм и Кубокыр къахьыныр теухуа кIэух зэIуIэр. Мэскуу и **«Динамо»**-р **1:0**-у хигъаIуIэри, ар зыIэригъэхьащ Къазан и **«Рубин»**-м.

2011 - 2012 гъэхэм премьер-лигэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и иужьрей зэхьэзэхуэр накъыгъэм и 13-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» «Краснодар»-р кьригъэблигъэнущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр «А» гупым

| Командзхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Зенит»** | **43** | **23** | **16** | **4** | **83-40** | **85** |
| **2. ЦСКА** | **43** | **19** | **16** | **8** | **71-44** | **73** |
| **3. «Спартак»** | **43** | **20** | **12** | **11** | **66-48** | **72** |
| 4. «Динамо» | 43 | 20 | 11 | 12 | 65-49 | 71 |
| 5. «Анжи» | 43 | 19 | 13 | 11 | 54-40 | 70 |
| 6. «Локомотив | 43 | 18 | 12 | 13 | 59-46 | 66 |
| 7. «Рубин» | 43 | 16 | 17 | 10 | 52-40 | 65 |
| 8. «Кубань» | 43 | 15 | 15 | 13 | 49-44 | 60 |

«Б» гупым

| Командзхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 9. «Краснодар» | 43 | 16 | 12 | 15 | 55-58 | 60 |
| 10. «Амкар» | 43 | 13 | 13 | 17 | 36-50 | 52 |
| 11. «Тэрч» | 43 | 14 | 9 | 20 | 44-61 | 51 |
| 12. «Крылья Советов» | 43 | 12 | 14 | 17 | 32-49 | 50 |
| 13. «Ростов» | 43 | 12 | 12 | 19 | 44-59 | 48 |
| 14. «Волга» | 43 | 12 | 5 | 26 | 36-56 | 41 |
| **15. «Томь»** | **43** | **7** | **13** | **22** | **28-68** | **34** |
| **16. «Спартак-Налшык»** | **43** | **7** | **12** | **24** | **35-87** | **33** |

ШIалэгъуалэ зэпеуэ

# Щэбэтращ щызэхэкIынур

**«Томь» (Томск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:2 (0:2). Накъыгъэм и 6-м. Калтай. «Томь» ЦДСО. ЦIыху 300 епльащ.**

**Судьяр** Козлов (Новосибирск).

**«Томь»:** Агеев, Кочергин, Ефремов, Башилов (Чиняев, 46), Овсянников, Тихонов (Махмудов, 68), Жариков (Горячев, 54), Москов, Сокулов (Аксанов, 87), Кокшаров (Богданов, 81), Погребняк (Сазонов, 46).

**«Спартак-Налшык»:** Щоджэн, Мэкъуауэ, Луканченков, Щэуей, Ковальский, Мыръэ, Хьэгъэбзэн, Гарф, Тебэрды, Къуэщысокъуэ (Жэмыхъуэ, 85), Бацэ (Бай, 90+1).

**Топхэр дагъэкIащ:** Гъурфым, 22 (0:1). Мырзэм, 24 (1:1). Горячевым, 86 (1:2).

**Дагъуэ хуащIащ** Тихоновым, Щэуейм, Агеевым, Луканченковым, Тебэрдым, Аксановым.

«Б» гупым пашэныгъэр щызыубыдар щызэхэкIынур щхьэтыращ - а махуэм нужь зэIуIэхэр екIуэкIынущ. ЕтIуанэ зэпIэр зэIыгъ «Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэр «Ростов»-м зэкIэ кьызэрыкIуэрыр зы очко закъуэщ икIи кIэух джэгугъуэм куэдкIэ дыщогуть.

Ди щIалэщIэхэм мыгъэрей зэхьэзэхуэм дыщагъэгуфIэ. Апхуэдзу щытащ Томск щрагъэкIуэкIари. Абыхэм дакьикьитI трагъэкIуэдзу ераща текIуэныгъэр кьэхуэхьэ кьызэрагъэпэщын папщIэ. Ялэ щыкIэ Гъурфым бжыгъэр кьызэIуихащ, кьыкIэлъыкIуэу, псынщIэ дыдэу, Мырзэм ар щIигъэбыдэжащ. Хэгъэрейхэм абы жэуап щаухуетар зэIущIэм и кIэух дакьикъэхэращ.

ШIалэгъуалэ зэпеуэм хэтащ и дзэржэгъуэ зи чэзу зэIущIэхэр ирагъэкIуэкIащ: *«А» гупым* - **«Динамо»** - **«Локомотив» - 5:0**, **«Анжи» - «Рубин» - 3:2**, **«Зенит» - «Спартак» - 1:0**, **ЦСКА - «Кубань» - 2:0**; *«Б» гупым* - **«Краснодар» - «Крылья Советов» - 0:3**, **«Ростов» - «Волга» - 3:0**, **«Тэрч» - «Амкар» - 2:0**.

МЭЗКУУ Кьанщобий.

ЗэIущIэ нэужьым

**ШЫПШ Тимур**, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ:*

## Премьер-лигэм къытхуэгъэззэжынущ

- Мы гъэм ди Iуэхугъэ зэрымыщIэгъуам къикIыркъым дэ премьер-лигэм кьытхуэмыгъэззэжыну. Томск и командзмрэ дэрэ абы дыхэкIащи, зэгъуэсу кьэдгъэззэжыну дыхущIэкъунущ.

Нобэрей зэIущIэм и гугъу пщIымэ, ар мыIейуэ кьыдэхъулIауэ кьызолытэ. АрщхьэкIэ топ дэдгъэкIа иужькIэ, текIуэныгъэр зыIущIэдмыгъэкIын щхьэкIэ, дыкъикIуэтыжкIыуащ. КьрикIыари нэрылъагъущ. Тепщэныгъэр пIыгъыну ущIэшынэн щыIэкъым - ар ди щIалэхэм апхыдгъэкIыну дыхущIокъу.

**ПЕРЕДНЯ Сергей,**
*«Томь»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

## Дызыгъэпейтей щыIэжтэхъым

- КомандитIри премьер-лигэм дыкъызэрыхэкIар гурыIуэгъэ зэтри, адэкIэ дызэгъэпейтеин щымыIэжу утIыпщауэ дыджэгуащ. Апхуэдэ зэIущIэхэр топджэгум дихьэхъэм ягу ирихь хабзэщ. Дыткъуэну дэ Iэмал нэхьыбэ диIа-уэ щысоцхьу, ауэ IкIэ бжыгъэр фIэкIыпIэнэщэщ.

*Зытхыжар*
**КЪЭХЪУН Бэч.**

# Нэхъыжьхэм гулъытэ хуащI

ТЕКIУЭНЫГЪЭ Иныр щагъэлъапIэ махуэхэм ирихьэлIэу КъБКъУ-м и студентхэмрэ хьэщIэхэмрэ щыIащжьы хъуахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ зэдэщIэ унэ-интернатым.

Абы и пэшыщхъэм щызэхуэса бысымхэм ящыщу гульытэ хэха хуащIащ Хэку зауэшхуэм орденхэмрэ медалхэмрэ кьыщызыхьахэу Бещто Аслъэнбий, Власовэ Екатеринэ, Насутэ Лидие, Гах Раисэ, Глуховцевэ Полинэ, Колесниковэ Клавдие, Красновэ Людмилэ, Клименкэ Вероникэ сымэ.

Унэ-интернатым и унафэщI Абазэ Сусаннэ кьеджащ КъБР-м и Ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Шыхьэубахьэ Мухьэмэдрэ Налшык кьалэ и Ветеранхэм я советым и Iэтащ1хьэ Абдуллаев Мустэфарэ интернатым щыIэхэм зэрызыхуагъазэ хьуэхьу псалъэхэм.

Абы щыIэ нэхъыжьхэм а махуэм екъуэхьуахэм ящыщщ КъБР-м щыIэ «Мегафон» ОАО-р икIи саугъэту жыг телефон зырызрэ ахьшэрэ яритащ. «Вектор-А» IуэхущIапIэм кьыбгъэдэкI IофIыкIэхэмкIэ ягъэтгуфIащ ветеранхэр.

Махуэшхуэм хэтхэм я дзэржэгъуэр кьаIэту утыкур ягъэбжьыфIащ КъБКъУ-м и студентхэм.

КЪЭБАРТ Мирэ.